

Kijan yo pral evalye pitit mwen?

Fanmi yo ka enkyete paske yo pa ka evalye konesans oswa konpetans pitit yo si yo pa konn Angle. Sa a se yon enkyetid enpòtan. Nan eta Nouyòk, pwogram pre-matènèl yo envesti nan resous pwogram militang pou ede evalye timoun yo. Resous sa yo gen tradiksyon evalyasyon ak sèvis entèpretasyon.

Pwofesè klas pre-matènèl yo anmezi tou pou evalye timoun yo gras a obsèvasyon yo fè nan klas la. Yo ka wè sa timoun yo te metrize ak sa y ap aprann toujou dapre konpòtman yo ak kijan yo sèvi ak materyèl yo. Lè ou di pwofesè a sa timoun yo ka fè lakay yo pèmèt pwofesè a konprann yo pi byen.

Èske pitit mwen ap gen konfizyon?

Non. Moun ki bileng ak moun ki pale plizyè lang, menm timoun, ka itilize mo nan plizyè lang pou eksprime tèt yo. Pafwa yo konbine plizyè lang pandan yap pale men se pa yon siy konfizyon. Li pa nesesè pou fòse timoun nan fè diferans lang yo. Okontrè, granmoun nan kay la ka sèvi ak lang yo pale lakay li ak timoun nan pou kontinye devlope vokabilè ansanm ak lòt konpetans lengwistik. Timoun nan ap kombine lang yo tou nan lekòl la, pwofesè a ap pèmèt timoun nan tou pou l sèvi ak lang li pale lakay li pandan y ap aprann angle.

Lè timoun nan pote pwojè oswa devwa pou nou fè ansanm, li nan avantaj nou pou nou fè yo nan lang ou pale lakay ou. Konsa, pitit ou pa dwe limite lè l ap sèvi ak mo yo konnen an angle. Ou ka ranfòse sa yo aprann an angle nan lekòl la lè ou sèvi ak pwòp lang ou nan kay la.

Kijan mwen ka ede?

Kontinye itilize lang ou pale lakay ou ak pitit ou, kenbe tradisyon pa ou. Chèche opòtinite pou sèvi ak lang matènèl ou, tankou pale ak pitit ou sou y ap aprann lekòl. Kontinye fè tout bagay sa yo ak pitit ou — rakonte istwa, chante, konte, lekti— tout sa nan lang matènèl ou.

Chèche opòtinite pou ede pwofesè a itilize lang ou pale lakay ou nan salklas la, konsa pitit ou ap kapab tandè lang li pale lakay li nan lekòl la.

Sonje byen, li bon pou konnen plis pase yonsèl lang. Lekòl la bezwen patisipasyon ou pou l fè salklas la vini yon kote militeng ki akeyan kote timoun yo ka itilize tout konpetans lengwistik yo konnen pandan y ap devlope ak pandan y ap aprann.

Insert School PK
Program
Information Here



Akeyi Fanmi Elèv ki pale Plizyè Lang yo nan Pre-matènèl nan Eta Nouyòk



LABYENVENI!

Antre nan lekòl klas matènèl se yon moman enteresan pou timoun yo. Nan salklas matènèl, pitit nou yo pral kòmanse chemen edikasyon yo. Yo pral rankontre nouvo zanmi, tandè istwa, jwe, chante, danse, ak aprann. Tout aktivite sa yo fè pati kijan timoun yo aprann ak devlope konpetans enpòtan akademik ak lengwistik. Oumennm, pwofesè, ak lòt manm fanmi yo ka travay ansanm pou ede pitit ou aprann. Li enpòtan pou w devlope yon koneksyon solid ant lekòl la ak lakay ou. Antanke ekip, nou kapab sipòte aprantisaj timou yo. Nou kontan etabli koneksyon sa a avèk fanmi w epi pou nou entegre ou nan kominote eskolè a.

Nan klas matènèl, nou respekte kijan fanmi yo renmen ak sipòte timoun yo. Nou vle travay ansanm pou sèvi timoun yo. Pou fè sa, nou vle aprann osijè fanmi w, tradisyon ou, kilti ou, ak lang ou pale.



TIMOUN BILENG OSWA MILTILENG

Lè ou konnen plis pase yonsèl lang se yon avantaj. Anpil fanmi nan Nouyòk pale plis pase yonsèl lang lakay yo. Pafwa timoun piti yo ki kòmanse klas matènèl pale lang lakay yo-e yo pale yon ti angle tou piti. Nou ankouraje jèn timoun yo pou yo ka kontinye aprann plis pase yon lang konsa yo ka vin bileng oswa miltileng lè yap grandi.

Timoun yo ki bileng oswa ki pale plizyè lang ka bezwen yon peryòd ajisteman pandan ya p aprann angle. Yo pral bezwen tan pou yo devlope vokabilè ak eksprime tèt yo nan plis pase yonsèl lang. Timoun yo ap kontinye aprann konsèp ak devlope konesans enpòtan pandan y ap aprann angle. Peryòd ajisteman sa kapab bay angwas epi souleve plizyè kesyon. Pou ede w, nou te reponn kèk kesyon kouran ki nan bwochi sa a.



Èske nou ta dwe pale angle lakay nou?

Lang ou pale lakay ou se yon trezò pou pitit ou. Menmsi pitit ou aprann mo deplizanplis ann angle, li bon pou kontinye pale, ekri, epi kominike ak yo nan lang ou pale lakay ou. Sa ap ede yo vin bileng oswa pale plizyè lang, e sa ap ede yo devlope konpetans lengwistik yo epi konsolide aprantisaj yo. Tout aktivite ak pwòje timoun yo fè nan lekòl la, ka kontinye fèt lakay nan lang matènèl ou. Rechèch montre lè ou sèvi ak lang ou pale lakay ou sa pa entèfere ak aprann pale, li, oswa ekri an angle oswa aprann yon lòt lang. Lè ou sèvi ak lang ou pale lakay ou sa ede w aprann li ak ekri. Lè ou bileng oswa pale plizyè lang sa gen anpil avantaj e li bon pou sèvo a.

Pafwa fanmi yo sakrifye lang yo pale lakay yo paske yo panse li pi bon pou timoun yo konsantre yo nan angle. Pitit ou ka aprann angle san li pa pèdi lang li pale lakay li. Li pa ta dwe yon chwa ant lang yo. Lang ou pale lakay ou se yon pati presye nan patrimwàn ou ak idantite w. Lè ou bileng oswa miltileng sa anrichi lavi timoun yo. Lè ou anmezi sèvi ak lang natifnatal ou se yon avantaj pou pitit ou ak fanmi ou.

Nan fanmi bileng yo, pafwa timoun yo pale youn ak lòt an angle, men yo pale ak granmoun yo nan lang yo pale nan kay la. Timoun yo konsyan lang moun pale ozalantou yo. Si yo konnen lang lan, yo pral chwazi kilè pou yo sèvi ak li. Lang ou pale lakay ou ap toujou enpòtan pou timoun ou yo. Ou ka rete bilengwis oswa poliglòt lè ou kontinye sèvi ak lang ou pale lakay ou.

